



MUSOMOBIL

GID POU ITILIZE MUSOMOBIL

MODIL 4 – Patnè, Don ak anpwen nan kès ble

Anplis de kès vèt ak kès wouj la ki gen aktivite lajan k ap antre-soti, nou gen kès ble a ke nou konnen ki fè relasyon ant mityèl la ak patnè l yo ki gen aktivite lajan tou. Sa vle di si gen yon antite ki ap prete mityèl la kòb oubyen fè l yon don se nan kès ble a lap pase.

Nan modil sa nap montre kòman kreye yon patnè sou musomobil, pase ekriti pou yon don, prê, rambouseman prê ak rapò sou tout aktivite yo.


1- Kòman kreye yon patnè e wè lis patnè yo

Pou w kreye yon nouvo patnè ou ap klike sou meni **Kès vèt** la epi w ap klike sou **Patnè** oubyen **Finansè**, w ap tonbe sou paj sa :

The screenshot shows the 'Finansè' (Finance) section of the Musomobil application. On the left is a dark sidebar menu with options: MUSO, MANM, KÈS VÈT, KÈS WOUJ, KÈS BLE, PRÊ, and RAPÒ. The main content area has a header 'Finansè' and two buttons: 'Patnè yo' (highlighted in blue) and 'Nouvo Patnè'. Below the buttons is a table with columns: 'Siyati', 'Adrès', 'Telefòn', 'Reprezantant', 'Email', 'site web', and an action column with 'Wè' buttons. The table contains two entries. Below the table, it says 'Showing 1 to 2 of 2 entries' and has 'Previous', '1', and 'Next' navigation buttons.


	Siyati	Adrès	Telefòn	Reprezantant	Email	site web	
1	OIM	32, Rue dupoux	54456536	Valbrun Delhomme			Wè
2	FOKAL	143, Ave. Christophe	34567897	Lorraine Mangonez	info@fokal.org	www.fokal.org	Wè

Li gen 2 pati, **patnè yo** ak **nouvo patnè**. Nan pati patnè yo, w ap wè lis tout patnè ki déjà enskri sou mityèl ou a. Ou ka klike sou **wè** pou w gen plis enfòmasyon sou yon patnè a.



La ou ka modifye enfòmasyon sou patnè a epi ajoute yon logo pou patnè a tou.


Nan pati **Nouvo patnè** a se la pou ou klike pou ou anrejistre yon nouvo patnè.



W ap antre tout enfòmasyon sou patnè a epi w ap klike sou bouton **Anregistre** a. Apresa w ap wè patnè ou fenk antre a parèt nan lis patnè yo.

2- Kòman pase yon don

Pou w pase yon don ke yon patnè fè ak mityèl la, w ap ale sou meni **kès Ble** a epi w ap klike sou sou-meni **Donasyon an**, w ap tonbe sou paj sa :




The screenshot shows the Musomobil dashboard with the following elements:

- Header: MUSO BOUSKIT ADMIN, Dekonekte, Lang: KR
- Summary Cards:
 - 146000 US Kès ble
 - 99624 US Kès vèt
 - 17500 US Kès wouj
- Section: Gestion des Dons
- Sub-sections: Donasyon (selected), Nouvo don, Rapport Don
- Table of Donations:

	Siyati	Tit	Dat Dekesman	Montan	
1	FOKAL	Fond construction Ecole	15-09-2022	50000 US	Wè

Sou-meni **Donasyon** an gen 3 pati, **Donasyon** ki gen lis don ke yo fè mityèl la deja. Se sa n ap gade nan imaj anlè a.

Après pati **Nouvo Don** an ki se yon fòmilè pou w ranpli yon nouvo Don ki parèt konsa :




The screenshot shows the 'Nouvo don' form with the following fields:

- Section: Gestion des Dons
- Sub-sections: Donasyon, **Nouvo don** (selected), Rapport Don
- Form Fields:
 - Finansè: Chwazi Finansè (dropdown)
 - Tit: [Empty text field]
 - Montan: [Empty text field]
 - Dat Dekesman: jj/mm/aaaa (calendar icon)
 - Chèk ak nimewo labank: [Empty text field]


Lè w fin ranpli nouvo don an ou ka klike sou bouton Anrejistre a, lè sa don ou fenk antre a ap parèt nan lis Don yo.

Ou ka klike nan lis don yo sou ti bouton **Wè** a pou w ka wè plis enfòmasyon sou yon don, w ap tombe sou paj sa.




Ou ka ajoute kèk dokiman pwèv sou don an, kòm kopi kontra ke mityèl la siyen ak patnè a, kopi chèk oubyen resi, donk tout dokiman ki gen rapò ak Don an. Paj sa ka konstitiye yon achiv pou chak grenn don. Dokiman sa yo ka nan fòm Imaj oubyen PDF.

Lè w ajoute yon piyès, dokiman, chak dokiman yo parèt anba a, nan menm paj sa, ou ka klike sou dokiman an pou w visyalize l sou yon gran fòm.




3- Enfòmasyon sou prê ke yon patnè ka fè mityèl la

Jan nou te di anvan an gen patnè ki prete mityèl la kòb, dè fwa ak enterè de lòt fwa san enterè. Musomobil pèmèt nou pase prê sa yo nan kès ble a. Pou w ale nan pati prê a w ap klike sou meni **Kès Ble** a epi sou **Prê**. W ap rive sou paj sa :



	Patnè	Tit	Dat Dekesman	Montan	% Enterè	
1	OIM	Prêt Support au immigrés	16-09-2022	50000 US	2 %	Wè

Prê a gen 3 pati : yon pati gen **lis prê** mityel la fè déjà, ki nan imaj anlè a, pati **nouvo prê** ki pèmèt ke ou antre yon nouvo prê.



Patnè
Chwazi Finansè

Tit

Dat Dekesman
jj/mm/aaaa


Montan

% Enterè


Dire

La w ap antre tout enfòmasyon sou prê a epi w ap klike sou bouton **Anrejistre** a. Pati sa gen yon bèl fonksyonalite ladan ki pèmèt ke yon fwa ou mete montan prê a, dat la, dire a, ak to enterè a, tout lot enfòmasyon sou prê a ap kalkile otomatikman pou ou.

Yon fwa ou fin klike sou bouton Anrejistre a, prê ou fenk antre a ap parèt na lis prê yo, lè sa ou ka klike sou bouton **wè** a pou w ka wè tout enfòmasyon sou prê a.



Ou ka nan pati sa ajoute yon pyès jwent, ki ka yon fichiye PDF oubyen yon maj, (Chèk, Kontra, Resi, Fakti etc ...). L ap parèt anba a epi ou ka klike sou nenpot kilès pou w ka li enfòmasyon ki nan fichiye yo.



Gen 3 gwo bouton a dwa ki se : **Ranbousman, Fòm prê, ak dat limit.**

Klike sou bouton **Rambousman** pou ou fè yon ranbousman sou prê a

Nan pati sa w ap antre tout enfòmasyon sou ranbouseman an, konsa tou ou ka ajoute yon piyè jwent tou. Epi klike sou bouton **Anrejistre** a. Rambouseman ou ap ajoute, epi lap diminye sou montan ou te dwe patnè a. Konsa tou Kès ble w la ap diminye paske gen yon lajan ki soti ladan l pou al jwenn patnè a.

Gen bouton **Fòm prê** a lè w klike sou li, li afiche paj sa ki bay tout enfòmasyon sou evolisyon prê a.

Dat	# PC	Peye prensipal la	Enterè	Total	Balans nan pèman anplis	Balans total prê	Dat pou peye	Estati
20-06-2023	456	2500 US	200 US	2700 US	0 US	8100 US	01-07-2023	En Avance

4- Pati rapò sou prê kès ble

Pati rapò a pèmèt ou fè de rapò nan yon tranche dat sou prê yo.

The screenshot displays the 'Kontribisyon' application interface. On the left is a dark sidebar menu with the following items: MUSO, MANM, KÈS VÈT, KÈS WOJ, KÈS BLE, PRÈ, and RAPÒ. The main content area is titled 'Kontribisyon' and contains a sub-section 'Rapport Emprunt'. At the top of this section are buttons for 'Prê', 'Nouvo prê', and 'Rapport Emprunt'. Below these is a search area with the text 'Rapport emprunt' in red. It features two date pickers labeled 'De:' and 'A:', both with the placeholder 'jj/mm/aaaa', and a teal 'Rechercher' button. Underneath the search area is a toolbar with options: 'Copy', 'CSV', 'Excel', 'PDF', 'Print', and 'Column visibility'. To the right of the toolbar is a 'Search:' input field. Below the toolbar is a table with the following columns: 'Patnè', 'Tit', 'Dat decassement', 'Montan', and '% Enterè'. The table body is empty, displaying the message 'No data available in table'. At the bottom of the table area, it says 'Showing 0 to 0 of 0 entries' and includes 'Previous' and 'Next' navigation buttons.

Meni **kès ble** a gen anpil fonksyonalite ke nou pa antre an detay ladan yo, men ki trè enpòtan. Se pandan w ap itilize zouti a w ap dekouvri yo de tanzantan.

Mèsi paske ou chwazi musomobil pou jere mityèl ou a